

radial symmetry	simetri radyal	pati nan kò ki ranje nan yon sèk ozalantou yon pwen santral.
radiant energy	enèji radyan	enèji ki vini nan yon onn elektwomayetik .
radiation	radasyon	enèji onn oswa reyon transfere.
radio telescope	teleskòp radyo	kolekte epi anrejistre onn radyo k ap vwayaje atravè lespas; li ka itilize lajounen oswa lannwit nan pifò kondisyon metewolojik.
radio waves	onn radyo	onn elektwomayetik avèk longèdonn ki pi long pase yon milimèt; li itilize pou kominikasyon.
radioactive decay	dezintegrasyon radyo-aktif	pwosesis kote kèk izotòp dekonpoze an lòt izotòp ak patikil.
radioactive element	eleman rayo-aktif	eleman ki emèt yon kantite regilye radasyon lè l ap transfòme lantman an yon eleman non-radyo-aktif.
radioactivity	radyo-aktivite	pwosesis ki fèt lè yon nwayo dekonpoze epi li emèt radasyon alfa, radasyon beta oswa radasyon gama.
radiometric dating	dat radyometrik	pwosesis ki itilize pou kalkile laj absoli wòch lè yo mezire rapò ant izotòp paran an ak pwodui derive nan yon mineral ak lè yo konnen mwatye vi paran an.
radula	radila	nan gastwopòd yo, se ògàn tankou lang ki gen ranje dan ki itilize pou grate ak kraze manje.
rarefaction	rarefaksyon	rejyon mwen dans yon onn konpresyon.
reactant	reyaktan	nan yon reyaksyon chimik, se sibstans ki reyaji a.
real image	imaj reyèl	yon imaj ki fòm nan reyon limyè ki konvèje pou pase atravè pozisyon imaj la.
recessive	resesif	dekri yon karakteristik yon lòt fòm menm karakteristik la kouvri oswa domine, epi

		karakteristik la sanble disparèt.
reduction	rediksyon	ogmantasyon elektwon atòm yon sibstans.
reef	resif	abita bò oseyan; li rijid, li reziste kont vag; se koray matyè eskèlèt oswa kalsyòm ki bati li.
reflecting telescope	teleskòp reflektè	teleskòp optik ki itilize yon miwa konkav pou fokalize limyè epi pou fòme yon imaj nan pwen fokal la.
reflex	reflèks	senp konpòtman natirèl, tankou baye oswa batman popyè zye, ki se yon repons otomatik epi ki pa konsène nan zafè voye mesaj nan sèvo a; repons otomatik ak envolontè ki ale nan yon estimilis; se mwal epinyè a ki kontwole li.
refracting telescope	teleskòp refraktè	itilize de lantiy konvèks pou ransmase ak fokalize limyè nan objè ki lwen.
refraction	refraksyon	viraj yon onn lè l ap chanje vitès pou sòti nan yon pwen pou ale nan yon lòt.
relative age	laj relatif	laj yon bagay parapò avèk laj lòt bagay.
relative humidity	imidite relatif	mezi kantite imidite ki nan lè a parapò kantite li ka genyen nan yon tanperati; li ka varye ant 0 pousan ak 100 pousan.
renewable resources	resous renouvlab	resous natirèl, tankou dlo, limyè solèy ak danre agrikòl, ki toujou resikle oswa lanati ka ranplase.
reserve	rezèv	kantite konbistib fosil ki ka ekstrè nan tè a pou reyalize yon pwofi lè yo itilize teknoloji ki egziste.
resistance	rezistans	tandans yon sibstans genyen pou bloke sikilasyon elektwon epi pou li chanje

		enèji elektrik an enèji tèmik ak limyè; li mezire an om (V).
resonance	rezonans	pwosesis kote yon objè fèt pou vibre lè li absòbe enèji li nan frekans natirèl li.
resonator	rezonatè	chanm kre ki plen lè epi ki anplifye son lè lè ki andedan li ap vibre.
respiration	respirasyon	pwosesis kote pwodiktè ak konsomatè degaje enèji ki estoke nan molekil manje; seri reyaksyon chimik ki itilize pou degaje enèji ki estoke nan molekil manje.
retina	retin	tisi sansib nan limyè ki nan fon zye a; li gen batonè ak kòn.
reverse fault	fay envès	anfonsman wòch ki fèt akòz fòs konpresyon, lè wòch ki anwo sifas fay la deplase anwo parapò avèk wòch ki anba sifas fay la.
revolution	revolisyon	òbit eliptik ki dire yon ane ozalantou tè a.
rhizoids	rizoyid	estrikti filifòm ki fikse plant ki pa vaskilè yo nan tè a.
rhizome	rizòm	tij anba tè.
ribosome	ribozòm	ti estrikti sitoplasmik kote selil yo kreye pwòp pwoteyin yo.
RNA	ARN	asid ribonikleyik; se yon kalite asid nikleyik ki pote kòd pou kreye pwoteyin nan nwayo ribozòm yo.
rock cycle	sik wòch	modèl ki dekri fason wòch yo chanje lantman ant yon fòm ak yon lòt fòm nan yon peryòd tan.
rock	wòch	melanj youn oswa plis mineral, fragman wòch, vè vòlkanik, matyè òganik oswa sibstans natirèl; li ka wòch igne, metamòfik oswa sedimantè.

rocket	fize	motè espesyal ki ka fonksyone nan lespas epi ki boule konbistib likid oswa solid.
rotation	wotasyon	mouvman tè a ap fè sou aks imajinè li, ki pran 24 èdtan pou fini epi ki fè gen lajounen ak lannwit.
runoff	ekoulman	nenpòt dlo lapli ki pa antre nan tè a oswa ki pa evapore men k ap koule sou sifas tè a; anjeneral li koule nan wiso epi li ka wonje epi charye sediman.